



Chè Paran Elèv Klas 1 – 5 Ane yo,

Nou ta vle mete w okouran yon resous matematik itil ki disponib pou ou ak pitit ou. Pearson SuccessNet ofri opòtinite pou jwenn aksè avèk Manyèl Matematik pou Elèv yo ki rele *Envestigasyon* (the *Investigations Student Math Handbook* (SMH) an Anglè ak/oswa Espanyòl. Materyèl yo prezante nan yon nivo rigè ki wo jan Nòm Ansèyman pou Matematik Florid la (Florida’s Standards for Mathematics) egzije sa.


Manyèl Matematik pou Elèv yo se yon zouti ki bay elèv ak paran enfòmasyon enpòtan sou mo ak ide matematik ki enpòtan. **Resous sa yo itil tou pou raple elèv yo sou estrateji yo te itilize nan klas la pandan ke yo ap konplete devwa yo.** Kèk nan papye ke elèv yo ap travay nan lekòl oswa lakay yo kapab enkli senbòl devwa (ki parèt anba a) ak yon nòt ki adwat anlè a ki eksplike byen vit sou kisa nou ap fè nan klas la epi li ap bay yon nimewo paj nan SMH la ki kapab sèvi kòm referans pou plis enfòmasyon. Anplis de sa, SMH enkli direksyon pou jwèt matematik ke nou te jwe nan sal klas la.

Se kijan pou jwenn aksè nan Manyèl *Envestigasyon Matematik Elèv*:

1. Antre nan navigatè Entènèt ou
2. Antre URL la (adrès sitwèt la) – <http://angel.collierschools.com/default.asp>
3. Yon fwa ou nan ANGEL, itilize enfòmasyon sa yo:

Non Itilizatè ou– nimewo sis-chif ID elèv ou  
Modpas – Klas K – 2: 1

Klas 3 – 5: mwa ak jou fèt nesans pitit ou a,  
MMDD



Direksyon pou yon aktivite matematik espesifik

Nimewo paj pou enfòmasyon sou estrateji matematik pou aktivite a.

4. Ale nan kote ki di “CCPS Student Links” epi klike sou “Elementary School Student Resources”. Answit, ale nan “Online Resources” epi klike sou “Pearson SuccessNet.”
5. Klike sou manyèl *Investigations Student Math Handbook* pou wè resous la.

Aksè nan Manyèl elektwonik Matematik Elèv yo, ansanm avèk resous valab ak lòt resous ki enkli videyo, atik, Nòm Ansèyman Florid sou Matematik, avèk estrateji ki nan nivo klas yo pral disponib sou sit entènèt Paj Resous Matematik Elemantè. Ou kapab jwenn sa fasilman nan Seksyon Paran sou sit entènèt Lekòl Piblik Collier County yo.

Ankò, Manyèl Matematik Elèv yo se yon resous valab ki pou raple elèv yo estrateji yo te itilize nan klas la pandan key o ap konplete devwa yo. Mèsi paske w se yon pati enpòtan nan enstriksyon matematik pitit ou!

**\*Tanpri note ke elèv yo ap bezwen pote Manyèl Matematik Elèv yo retounen nan mwa me.**